


АХМАДОВ МУСА

***

Хиллачу оьздаллин дисна цхьа IиндагI,

Хиллачу куралли дисна цхьа IиндагI,

Дерриге дахана кIоргачу Iинах,

Цхьа синош схьахӀуьтту, цкъа кхузахь Ӏийнарш.

Хиллачу адамийн ӀиндагӀаш ду вай,

Еса ю вайн бӀаьвнаш, стаг воцуш чуван,

ВагӀахь а шарахь цкъа генара хьаша,

ӀиндагӀ ду иза – дӀавоьду маса.

ХӀуъу деш вай хьовзарх: охуш, дуьйш ялта,

Сакъера ховшахь а, этӀабеш пондар, –

ДӀадийнарг ца кхуьу цхьа сискал ял а,

Сакъерар хуьлу вайн шайтIанийн ловзар.

Вайн мехкан садаьхьна цу Іаьнан буса,

ЦIерпошто даьккхина турпалчу дегIах,

Цундела вайн ялтийн буьртиг ца бузу,

Цунах ду шовданаш тIетесна Іеха.

ЦIен коьрте довлийша доггах дан зикарш,

Даккхийша цIийн сагIа, дIатоттуш бала,

Цу Деле доIица дехийша дикка,

Вайн мехкан даьхьна са духало алий.